



Pou Piblikasyon Imedya: 30/09/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE LANSMAN ENSTITI POU RECHÈCH & POLITIK
ENTEGRASYON IMIGRAN NAN ETA NEW YORK POU EDE IMIGRAN YO
TRANZISYONE NAN LAVI KOMINOTÈ, POU YO POSUIV EDIKASYON, AK
MENDÈV LA**

***Konsèy Konsiltatif Lidè Kominotè yo konfime yo pral mete an mouvman
devlopman politik revolisyonè epi chwazi yon Direktè Egzekitif ak Direktè Asistan
nan mwa k ap vini yo***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a lansman Enstiti pou Rechèch & Politik Entegrasyon Imigran (Institute for Immigrant Integration Research & Policy) nan Eta New York pou ede imigran yo tranzisyone nan lavi kominotè, pou yo pousuiv edikasyon, ak mendèv la. Enstiti a, ki te resevwa finansman nan Bidjè Eta a pou Ane Fiskal 2023 a, li pral loje nan Enstiti Gouvènman Rockefeller (Rockefeller Institute of Government), gwoup refleksyon sou politik piblik Inivèsite Eta New York (State University of New York, SUNY) la. Anons sa a kowenside ak seleksyon yon Konsèy Konsiltatif lidè kominotè yo, ki pral mete an mouvman yon devlopman politik revolisyonè epi chwazi yon Direktè Egzekitif ak Direktè Asistan nan mwa k ap vini yo.

"New York konstui sou travay di ak detèminasyon jenerasyon imigran yo, epi Enstiti sa a pral travay pou amelyore lavi moun k ap eseye bati pi bon lavi pou tèt yo ak fanmi yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè nou netwaye limit yo pou Nouvo Nouyòk yo, nou ka ede yo pi byen entegre yo nan kominote New York la epi fè yo jwenn aksè ak Rèv New York (New York Dream) la."

Lè yo rive, imigran yo souvan lite pou yo aprann Anglè, ede pitit yo asimile nan lekòl yo, jwenn yon lojman ki an sekirite ak abòdab, jwenn travay ki sekirize ak yon salè vivav, transpò an sekirite pou yo ale nan travay sa yo, epi jwenn aksè ak sèvis ki disponib yo—souvan paske yo pè depòtasyon. Direktè Egzekitif ak Asistan Direktè Enstiti a pral analize done an tan reyèl sou imigrasyon, ekonomi, travay, ak lòt done epi idantifye solisyon potansyèl pou moun k ap fè politik yo ede konstwi sou angajman eta a pou sipòte imigran ki gen tout laj, nasyonalite, ak orijin.

Lansman Enstiti a swiv misyon Gouvènè Hochul pou pwoteje imigran yo, enkli moun ki pa gen papyè, ki te oblije kite peyi yo. An oktòb 2021, Gouvènè a te siyen lejislasyon (S.343-A/A.3412-A) ki klase kèk menas pou rapòte estati imigrasyon yon moun kòm

mezi ekstòsyon ak kontrent dapre lwa New York. Li te louvri opòtinite edikatif ak lojman pou ede moun ki te evakye nan Afganistan ak Ikrèn.

Dapre Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikap (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) Eta New York, [900 refijye](#) ak moun ki gen Viza Imigran Espesyal (Special Immigrant Visa, SIV) te reyentegre nan Eta New York an 2021, sitou nan Repiblik Demokratik Kongo, Siri, Afganistan, ak Burma. Nan 12 dènye mwa yo, omwen [1,300 evakye Afgan](#) te reyentegre nan Eta New York tou.

Manm Asanble Catalina Cruz te deklare, "Mwen fyè dèske mwen te dirije efò pou kreye Enstiti sa a, ki pral konsantre sou ede pi byen fòme politik ki pral amelyore entegrasyon sosyal, ekonomik ak politik gwo kominote imigran ki ap grandi nan eta nou an. Gwo resous talan ak ekspè SUNY nan domèn ki gen rapò se yon pwomès ekselan rechèch ak rekòmandasyon politik ki pral amelyore lavi tout moun k ap viv New York yo. Gwo sipò finansye ke yo bay pou Enstiti a pa Prezidan Asanble Carl E. Heastie ak Majorite Asanble a se yon gwo etap nan kontinye asire New York ap dirije nasyon an non sèlman nan akeyi imigran yo men nan travay pou asire yo reyalize Rèv Ameriken an."

Chanselye Pwovizwa SUNY an, Deborah F. Stanley, te deklare, "Kanpis SUNY yo genyen youn nan opòtinite aprantisaj ki pi divèsifye nan mond lan, epi yo akeyi elèv ki soti nan tout domèn nan lavi, peyi, ak orijin. Nou onore pou Enstiti Gouvènman Rockefeller a loje Enstiti sa a epi fasilite travay nesesè li pou avanse angajman eta a nou an pran depi lontan pou sipòte ak akeyi imigran yo epi asire siksè yo. Mwen remèsye Gouvènè Hochul ak Lejislati a - sitou Manm Asanble Catalina Cruz - paske yo te ranpli yon bezwen politik enpòtan atravè kreyasyon Enstiti sa a, epitou mwen eksprime konesans mwen anvè manm konsèy konsiltatif estime nou yo pou sèvis yo."

Konsèy Konsiltatif Enstiti a se yon gwo gwoup lidè akonpli ki pote yon seri eksperyans ak relasyon, ansanm ak yon angajman pataje nan entegrasyon imigrasyon nan travay Enstiti a. Konsèy Konsiltatif la—ki pral bay Enstiti a tou konsèy ak rekòmandasyon konsènan rechèch, pwogramasyon, opòtinite pou ranmase lajan, ak evènman kominotè—gen ladann:

Wilma Alvarado-Little, MA, MSW, Direktè Sante Minorite ak Prevansyon Disparite an matyè Sante (Minority Health and Health Disparities Prevention), NYSDOH

Doktè Laura Anker, Pwofesè, Etid Ameriken, SUNY Old Westbury

Murad Awawdeh, Direktè Egzekitif Kowalisyon Imigrasyon New York (New York Immigration Coalition)

Marcos Crespo, Konsèy Administrasyon, SUNY

Doktè Isaac Ehrlich, Pwofesè, Ekonomis, University at Buffalo

Lucia Gomez, Direktris Politik, Konsèy Santral sou Travay Vil New York a (NYC Central Labor Council) AFL-CIO

Laura Gonzalez-Murphy, Direktris Egzekitif, Biwo pou Nouvo Ameriken, Depatman Deta (Department of State, DOS) Eta New York

Ramona Hernandez, Direktris nan Enstiti Etid Dominiken nan CUNY (CUNY Dominican Studies Institute), CUNY

Paola Martinez, Òganizatrìs Kominotè

Cesar Perales, Vis Prezidan Konsèy Administrasyon, SUNY

Doktè Dina Refki, Direktris Sant pou Fanm nan Gouvènman & nan Sosyete Sivill (Center for Women in Government & Civil Society), University at Albany

Jennifer Rizzo-Choi, Direktris Egzekitif, International Institute of Buffalo,

Jo-Ann Yoo, Direktè Egzekitif Federasyon Ameriken Dorijin Azyatik (Asian American Federation)

Doktè Dina Refki, Direktris Sant pou Fanm nan Gouvènman & nan Sosyete Sivill (Center for Women in Government & Civil Society), University at Albany, te deklare, "Enstiti a pral okipe yon nich inik nan peyizaj entegrasyon imigran yo. Li fèt pou ranfòse preparasyon elèv ki enterese pouswiv travay entegrasyon ak amelyore fòmasyon pwochen jenerasyon pwofesyonèl entegrasyon imigran yo. Li pral jenere konesans k ap chèche akselere devlopman mendèv imigran yo epi amelyore aksè Imigran yo ak sante ak sèvis sosyal. Enstiti a pral enfòme tou pwosesis politik entegrasyon imigran New York yo atravè rechèch ak analiz politik ki baze sou done yo."

Jennifer Rizzo-Choi, Direktris Egzekitif, International Institute of Buffalo, te deklare, "Mwen onore pou m sèvi kòm manm konsèy konsiltatif Enstiti pou Rechèch ak Politik Entegrasyon Imigran ki fèk lanse a. New York te toujou eksele nan akeyi imigran ak refijye yo nan eta nou an. Nan International Institute of Buffalo, nou gen plis pase 100 ane eksperyans nan entegre imigran ak refijye nan rejyon nou an, sa ki ede kreye tisi inik ak divès kominote nou an ap jwi jodi a. Nou fyè anpil dèske Buffalo se youn nan lidè nan eta a nan aksepte ak entegre nouvo vwazen nou yo. Avèk lansman enstiti sa a nan tout eta a, mwen kontan pou m jwe yon wòl nan asire ke New York vin pi efikas menm nan akeyi refijye ak imigran yo nan kominote nou yo ak nan mendèv la."

Jo-Ann Yoo, Direktè Egzekitif Federasyon Ameriken Dorijin Azyatik la, te deklare, "Antanke yon imigran ak premye moun nan fanmi mwen ki ale nan kolèj nan Etazini, mwen santi m mouvman ak onore paske yo envite m vin fè pati konsèy konsiltatif Enstiti pou Rechèch ak Politik Entegrasyon Imigrasyon SUNY an. Inisyativ sa a pral ede asire ke imigran yo gen anpil opòtinite pou amelyore konpetans yo epi kontribye pou fè Eta New York tounen yon kote akeyan pou tout nouvo vini yo kapab inove. Nou sèlman

bezwen gade nan listwa pou wè ki jan, malgre eksplwatasyon, prejije, ak politik enjis ki anpeche apatenans yo ak entegrasyon yo, imigran yo kontinye kreye ak soutni ekonomi an nan ti vil yo ak gwo vil atravè nasyon an. Mwen fyè dèske m fè pati efò sa a ki vize bati sou istwa sa a epi nourri nouvo lide ak moun ki gen talan pou ranfòse tisi sosyal ak ekonomik Eta New York."

Konsènan Rockefeller Institute of Government

Rockefeller Institute of Government an se gwoup refleksyon politik piblik State University of New York, k ap fè rechèch ak analiz dènye kri pou enfòme solisyon dirab pou pwoblèm Eta New York ak nasyon an ap fè fas. Misyon Enstiti a se amelyore kapasite kominote yo, gouvènman eta ak lokal yo, ak sistèm federal la pou travay nan solisyon otantik ki baze sou prèv. Nan kad misyon sa a, Enstiti a pwofite ekspètiz rechèch 64 kanpis SUNY yo, sa ki konekte inivèsit yo atravè sistèm nan epi pèmèt Enstiti a byen vit pase nan nouvo domèn politik ki ap emèje yo. Pwofesè SUNY yo souvan enkli nan pwopozisyon sibvansyon Rockefeller Institute yo epi Enstiti a gen yon bilan long nan travay ak kanpis yo sou evènman ak fowòm yo. Anplis de sa, Rockefeller Institute ofri opòtinite pou etidyan SUNY yo ak pwogram estaj Center for Law & Policy Solutions ansanm ak Future Leaders in Policy Competition, ki mete aksan sou rechèch premye sik ak sik siperyè SUNY an.

###

Lèt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418